



Pou Piblikasyon Imedyà: 26/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE NEW YORK, NEW JERSEY, AK CONNECTICUT
AP LANSE YON KOWALISYON POU RELE LAJISTIS GOUVÈNMAN FEDERAL LA
POU DOKIMAN LWA SOU ENPO FEDERAL LA**

***Eliminasyon Dediktibilite Total Eta ak Lokal yo Yon Fason Enjis Li Vize New York,
New Jersey ak Connecticut***

***Kowalisyon pou Rele Lajistis Gouvènman Federal la Reprzante Premye Etap nan
Efò an Twa Branch Gouvènè Cuomo a pou Pwoteje Moun New York yo kont
Dokiman Lwa sou Enpo Federal***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke New York, New Jersey, ak Connecticut yo te lanse yon kowalisyon pou rele lajistis gouvènman federal la pou defye nouvo dokiman lwa sou enpo GOP a ki ap elimine dediktibilite total enpo eta ak lokal yo (State and Local Tax, SALT). Pwovizyon sa ap devanse efektivman kapasite eta yo pou gouvènè apati rediksyon kapasite pou bay mwayen pou pwòp sitwayen yo, epi li vize yon fason enjis New York ak eta ki sitiye yon fason similè yo an vyolasyon a Konstitisyon an.

“Moun New York yo pa pral rete bra kwaze pandan ke gouvènman federal la lanse yon misil ekonomik sou sante fiskal eta nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eliminasyon dediktibilite total eta ak lokal a se yon patizan ki malonèt epi se yon atak ilegal sou New York ki ap itilize fanmi ki ap travay di nou yo ak lajan enpo yo kòm yon bank ki kase pou peye rediksyon fiskal pou kòporasyon ak lòt eta yo. Kowalisyon sa pral rele gouvènman federal la lajistis pou kapab pwoteje abitan nou yo kont daso sa.”

“Limitasyon sou dediksyon Enpo Eta ak Lokal yo pa gen okenn rapò ak politik ki kòrèk yo”, **Gouvènè New Jersey la, Phil Murphy, te deklare.** “Se yon pinisyon ki klè epi ki motive sou plan politik pou eta ble yo—tankou New Jersey ak vwazen nou yo—ki deja ap peye gouvènman federal lan plis kòb ke sa yo resevwa. Nou pa pral rete bra kwaze epi pèmèt sa rive. Mwen te deklare ke administrasyon mwen an ta pral eksplòre chak mekanism ki legal pou batay pou kontribiyab New Jersey yo, epi sa se egzaktman sa nou ap fè jodi a. Mwen fyè pou mwen genyen Gouvènè Cuomo ak Malloy ki rejwenn New Jersey nan efò nou yo.”

“Pwojè lwa sou enpo GOP a li te bay asistans masif a yon pousan moun ki pi rich yo, epi bloke kontribiyab klas mwayèn lan yo ak dokiman lwa a”, **Gouvènè Connecticut la,**

Dannel P. Malloy, te deklare. “An brèf, lwa sa ap koze domaj reyèl a kontribiyab Connecticut yo, ki rete pou pèdi 10 milya dola nan dediksyon enpo eta ak lokal yo. Plizyè santèn milye abitan kabap wè yon ogmantasyon fiskal menm lè valè pwopriyete yo diminye. Kowalisyon nou ap lanse jodi a pral batay kont enpak diskriminatwa yo ki koze pa lwa Repiblikèn sa ki ap deteryore epi ki manke vizyon an sou eta nou yo.”

Nouvèl lwa federal la ap fè enpak yon fason dispwopòsyone sou Eta New York, ki deja ap voye 48 milya dola an plis chak ane bay Washington ke sa li resevwa nan lajan federal yo—yon defisi “balans peman yo” ki menm pi ekstrèm ke nan nenpòt lòt eta. Selon yon rapò resan [ki te pibliye](#) pa Depatman Enpo ak Finans nan Eta a (State Department of Taxation and Finance), eliminasyon dediktibilite total SALT yo sèlman sa pral koute New York yon 14.3 milya dola adisyonèl.

Eliminasyon dediktibilite total SALT yo ap anile tou yon fondasyon bazik nan lwa sou enpo federal lan ki te toujou pèmèt eta yo ogmante revni ki pa peye enpo doub yo.

Lansman yon kowalisyon ak divès eta pou rele gouvènman federal lan lajistis sa se premye etap nan yon efò an twa branch ki ap fèt pa Gouvènè Cuomo pou konbat daso enpo federal la sou New York jan li te anonse nan [Diskou Eta Leta 2018](#) li an. Dezyèm branch nan efò a se pou lanse yon estrateji rejte epi ranplase, epi twazyèm branch nan efò a se pou eksplòre fezabilite yon chanjman majè nan estrikti politik fiskal Eta a.

Nan dat 17 Janvyè, sou òdonans Gouvènè Cuomo, Depatman Enpo ak Finans Eta New York lan [te pibliye](#) yon rapò preliminè pou prezante opsyon pou refòm fiskal agresif eta a pou kontrekare pwojè lwa sou enpo federal lan. Eta a pral itilize plan global sa kòm yon fondasyon pou travay ansanm ak ekspè yo, Kò Lejislatif lan, anplwayè yo, kontribiyab yo ak lòt pati ki konsène yo, pou kapab devlope epi mete sou pye chanjman ki nesèsè yo nan kòd fiskal New York lan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418